

San yon relasyon ak Bondye nou tout santi yon kraze akablan ak vid. Se kòmsi kè nou te kraze. Se **paske Bondye te kreye nou pou nou nan yon relasyon avè L men peche nou separe nou ak Li.**



Jodi a, ou te vini pouw ka jwenn yon bagay geri nan kò ou. Èske w te konnen **Jezi ka geri kè w ki brize tou?**




Jezi te di ke Li te vin geri kè nou "espri Bondye, Seyè a, desann sou mwen. Paske Seyè a chwazi m', li voye m' pou m' anonse bon nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, **pou m' geri tout moun k'ap soufri yo**, pou m' fè tout moun yo te depòte yo konnen yo delivre, pou m' fè tout prizonye yo konnen pòt prizon louvri pou yo. Li voye m' anonse lè a rive pou Seyè a." Ezayi 61:1-2



Jezi geri kraze brize nou an nan retabli relasyon nou ak Bondye. **Relasyon nou ak Bondye kapab retabli lè nou aksepte kado Bondye bay delivrans.** "Lè yon moun peche, peche peye l'yon salè, se lanmò. Men Bondye bay moun pa li yo yon kado, se lavi etènèl nan Jezikri, Senyè nou an." Women 6:23.



Nou ka aksepte kado Bondye bay delivrans lè nou fè twa bagay. Premyèman, **nou dwe mande padon pou tout move bagay nou te fè oswa panse.**



Dezyèmman, **nou dwe kwè ke Jezi te mouri sou kwa a pou peye pou tout peche nou yo e ke Li te retounen nan lavi paske Li se sèl vrè Dye a.** Nou pa kapab peye pou peche nou yo; delivrans la gratis.



Finalman, **nou dwe chwazi Jezi kòm Sovè nou an-Sila** a nou te fè konfyans pou peye pou peche nou yo. **Epi nou dwe chwazi Jezi kòm Senyè nou an-ki vle di Lidè lavi nou.**



Si ou kwè bagay sa yo epi ou ta renmen Jezi retabli relasyon ou ak Bondye, Lè sa a, ou ka aksepte kado gratis Li nan delivre kounye a.

Jezi, mwen regrett pou tout move bagay mwen te fè yo. Tanpri, padone m epi ede m obeyi w. Mwen kwè ou te mouri sou kwa a pou peye pou peche m yo e ke ou te tounen nan lavi paske ou se Bondye. Mwen chwazi ou kòm Sovè mwen ak Seyè mwen. Ede m swiv ou kòm dirijan mwen. Nan non Jezi, Amèn.